Ассаламу гIалайкум!

# АЖИХЪАН

№ 8 (7512)
24 февраль
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## ВатIан цIунулезул байрам



РакI-ракIалъ баркула районалъул гIадамазда, рагъулгун захIматалъул ветераназда, Россиялъул армиялда хъулухъ гьабулел ругел гIолохъабазда, тылалда хIалтIаразда ВатIан цIунулезул Къо!

Исана 23 февралалда нилъер цIар рагIараб армия гIуцIаралдаса 114 сон тIубала. Къоабилеб гIасруялъул авалалда кьучI лъураб гьелъ нилъер тарихалда меседилаб хатIалъ хъвана нилъер халкъалъул бахIарчилъиялъулги, къо хIехьеялъулги цIар арал гьурмал. Нилъер кIудияб пачалихъалъул ва гьелъул халкъалъул мурадал ва эркенлъи цIуниялъе гIоло къеркьараб БагIараб Армиялъ I94I-I945 саназда хIехьезе ккана КIудияб ВатIанияб рагъул бицун бажаруларебгIан захIматаб кьогIлъи.

Рагъул саназдаги ракълилаб захIматалдаги Россиялъул Армиялда батIи-батIиял бакIазда рагъулаб хъулухъ тIубазабулаго районалъул гIолохъабазги бихьизабуна къо хIехьеялъул ва бахIарчилъиялъул мисал.

Хадубккунги яргъилал къуватаз рекъел ва гIодобе биччараб ахIвал- хIал букIинабиялъе рихьизарурал хIасилал хвел гьечIел руго.

Гьарула щивасе щулияб сахлъи, халатаб, бакаратаб гIумро, гьабулеб ишалъулъ икъбал. Биччанте хадубккун нилъеда тIад роцIараб, ракълилаб зоб букIине. Щивасе гьабулеб ишалъулъ гьарула икъбал!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ,**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

## КIодо гьабуна



ВатIан цIуниялъул Къо-23 февраль кIодо гьабураб тадбир тIобитIана Шамильхъалаялда районалъул администрациялъул майданалда. Тадбиралде рачIаразда ва тIолалго районалъул гIадамазда ВатIан цIуниялъул праздник баркун кIалъана районалъул культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев. Гьединго кIалъана муниципалитеталъул бетIерасул зам. М. ХIамзатов, районалъул депутатазул Собраниялъул пред. М. Юсупов, рагъулаб комиссариаталъул начальникасул ишал тIуралев М. Гъапуровги.

Гьенибго жигарал гIадамазе кьуна ХIурматалъул Грамотаби. Хадуб букIана гIатIидаб программаялъул концерт

Данделъаби

## Электроэнергиялда хурхун



Гьал къоязда районалъул администрациялда букIана муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовасулги «Унцукульский РЭС», «Россети Северный Кавказ» Дагэнергоялъул филиалалъул ПАОялъул нач. М. ГIабдурахIмановасулги дандчIвай. Гьенир гIахьаллъана ХъахIабросдал бетIер М. МухIамадов, ГIашилтIа росдал бетIер С. ГIалиев ва цогидалги.

Къойил темаялда аслияб суал букIана росабалъ электроэнергиялъул гIодобегIанаб напряжение бу кIин. М. ГIабдурахIмановас бицана районалда гьечIин газоснабжение ва хасалил заманалда кинабго тIадецуй электроэнергиялда букIунин. Гьединлъидал электроэнергия хIалтIизаби цIакъго цIикIкIун бугин, гьелъ ток гIунгутIиялде рачунел ругин, авариялъулал хIасилал кколел ругин. Гьелъ дагьлъулеб бугин напряжениеги,- абун.

Гьенибго ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна электроэнергия чIезабиялда хурхун данде кколел тадбирал гьариялда.

## Ясли-ахалъул суалгун

### (Лъезе буго модульнияб ясли-ах)



**Шамильхъала поселокалъул гIадамазул, ай лъималазул эбел-инсул № 9 ДОУ МК къаралдаса хадуб ругел гIарзазда рекъон ва районалъул нухмалъиялъул къуваталдалъунги РДялъул Правительствалъул резервалъул фондалдаса гIарацги биччан лъезе хIисабалде босун буго 300 лъимадуе бакI бугеб модульнияб ясли-ах.**

Дагъистан республикаялъул капиталияб къагIидаялъ бакIал раялъул управлениялъ тендер лъазабун букIана ва бергьаравги чIезавун вуго. Гьал къоязда Унсоколо районалде рачIун райадминистрациялъул хIалтIухъабигун цадахъ объект базе бугеб бакIалде щвана гьел. ЧIезабуна базе бугеб участка ва хIисабалде росана киналго гIуцIиялъулал рахъал. Гьелда гьоркьобе уна кир чIезе ругел подрядчикалгун хIалтIухъаби, киб лъелеб хIалтIулаб материал; металлалъул конструкциял ва оборудование. Киналго рахъалгун рагIи данде ккезабун буго Шамильхъала поселокалъул нухмалъиялъулгунги.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 8
Хамиз
24 февраль 2022 сон

2 гьумер

Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялда букIана Госдумаялъул депутатасул кумекчи, «Трезвая Россия» федералияб проекталъул координатор ГIабдуразакъов МухIамад ГIабдурашидовичасулги муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовасулги дандчIвай. М. ГIабдурашидовичас бицана гьеб суалалда хурхун гьабулеб бугеб хIалтIул, районалъул гIолилазулгун дандчIваязул, семиназул хIакъалъулъ.

Гьенибго ГI. НурмухIамадовас гьезие баркала загьир гьабуна лъикIаб хIалтIухъ, бицен ккана хадубккун букIине бугеб цадахъаб хIалтIулги

ГIагараб мацIалъул Къоялде

## Авар хъваялъул тарих

Щибаб халкъалъул бищунго къиматаб жолъун ккола мацI, тарих, хъвай-хъвагIай, литература. Ругел хIужабазда рекъон аваразул хъвай-хъвагIай букIана Кавказалъул Албаниялъул заманалдаса нахъего. Бижаралдаса нахъего аваразул хъвай-хъвагIай хIалтIулеб букIана графикаялъулаб къучIалда ва чанго нухалъ реформаялде гъоркье ккана. ГьабсагIаталда авар хъвай-хъвагIай хIалтIулеб буго кириллицаялда. Къанилгун хIарщул кресталда тIад рикIарал рагIаби ратана гуржиязул альфавиталда цадахъ «цIоб лъеги» абураб. Гьеб хъвай-хъвагIаялъул памятник батана I923 соналда Шамиль районалъул ГIурада росулъ. Гьединго Хунзахъ ратарал церегосел къанил крестазда ва хъарщазда батана 3 гуржиязулгун аваразул билингваби. Гьеб хъвай-хъвагIай гьабун буго гуржиязул къагIидаялъ. I940 соналъ гьезул цояб тIатинабуна академик А. С. Чикобаваца, цойгидаб Хунзахъ Т. Е. Гудоваца, лъабабилеб ГьоцIалъ К. Ш. МикагIиловас. Гьел хъвай-хъвагIаял ратана XII-XIV гIасрабазул.

ДагъистаналдА ислам тIибитIун хадуб гьоркьобе бачIана гIараб хъвай-хъвагIай. Жакъа къоялдеги цIунун хутIун руго гIараб графикаялда хъварал хъвай-хъвагIаял. Гьел руго Гъуниб районалъул Къорода росулъ.

Унго-унгояб къагIидаялъ авар хъвай-хъвагIай тIибитIизе лъугьана XVI гIасруялда, гьел жакъа къоялде щвезегIанги цIунун хутIун руго. XVII гIасруялда авар мацIалда гIараб хIарпаз хъван руго гIезегIанго хIалтIаби. Гьел хъван руго ГIободаса ИсмагIилил вас ШагIбаница ва художественниял асарал - Къудукьаса Мусаласул МухIамадица.

XVIII гIасруялъул ахиралда Хунзахъа Дибиркъадица гIуцIана фонетикаялъул хаслъаби гъорлъе рачараб гIараб альфавит. Гьелъие цIар кьуна «гIажам»,- абун. Амма гьелъул рукIана гIемерал гIунгутIаби, хадурккун гIемер тIадги хIалтIана гьелда. Гьедин XIX гIасруялда имам Шамилица хасаб комиссия гIуцIана ва цо-цо рагIабалъ хIалтIизабизе босана ъ знак. Гьедин I884 соналда Стамбулалда къватIибе бачIана аваразул тIоцебесеб тIехь, гьениб хIалтIизабун букIана гIараб штриф, хадур тIахьал къватIире риччазе лъугьана Дагъистаналдаги, авар мацIалда тIахьал къватIире риччалаан Темир-Хан-Шура.

**Материал хIадурана хасал источниказдасан**

## Пайдаяб тадбир



Гьал къоязда Унсоколо районалъул Балахьуни Гъ. ГIабдурахмановасул цIаралда бугеб гьоркьохъеб школалда, Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIалъул къоялда хурхун, 5 «а» классалда, гьеб классалъул нухмалъулей, авар мацIалъул мугIалим Мадина МухIамадовалъ тIобитIана рагьараб дарс. Учительницаялъ бицана ДагъистаН миллатал гIемераб улка бугилан. Классалда гьабун бугоан Дагъистаналъул шагIирзабазул стенд. «Дагъистаналъул берцинцIлъи»- бутIаялда бихьизабуна видеофильм. Учительницаялъ ва лъималаз махщалида цIалана кучIдул, рицана кицаби ва абиял. ЦIалдохъабаз хIана кIиго сценка. Бищунго балагьаразе бокьана цIакъго махщалида цIалараб ТубхIат ЗургьаловалъУл «Малъе эбел, рахьдал мацI!» абураб кечI.

Гьеб тадбиралъул хIасилалда гIемераб цIияб жо лъана лъималазда.

**МухIамад ГьазимухIамадов.**

РакIалде щвей

# Къайисил гIишкъул ахир

## (Гьадин бицун букIана дие)

**(Авал 7 номералда)**

Хадуб тIибитIана Муи ХъахIабросулъа чиясе ун рагIулин цоял, унеЙ рагIулин цоял харбал. Къебедав вугеб мехалдаго букIун батила гьезул рокьи, гурони, сундуе гIолойин гьев чанго нухалъ гьесухъе гьоболлъухъе Шураве щваравин. Гьесул кучIдулги лъиде гьарулел рукIаниги, хурхинарулел рукIана Муил цIаралда. Муицаги гьарулаан кIочIол рагIаби, амма МахIмудиде вахарав чи вукIаравищали лъаларо. Муи чанго нухалъ щун йикIун йиго ЦIатIанихъеги. Жамилат семулаан Му- иде, гьелъ жиндихъа вахъанила МахIмуд,- абун.

Муида кIвечIо, кигIанго МахIмуд вокьаниги, гьесие ине, амма гьесулгун гьудуллъиялдаса гьелъ киданиги инкар гьабулароан. Рос хун хутIарай къоролалъе кумек гьабулев чиги щивха вукIинев рекIелъ кинаб букIаниги пикру гьечIого? Хехгого гIадамазда бичIчIана гьезул гьудуллъиялъул магIна. Киназдасаго цебе якьадалдаги би- чIчIана гьеб. Гьел саназ МахIмуд вукIана киназего машгьурав шагIир, чанго росулъ гьабуна дибирлъи. Щибаб соналъ унаан Батагъалдеги цоги шагьараздеги гIарац гьабизе. Амма гьесда кIолароан гIемераб мехалъ Муи гьечIого чIезе. МахIмудида чIалгIун букIана балъгояб рокьи. Гьесул хасияталде данде кколароан гIадамаз гIайиб чIвалеб гIумро, гьес кIиго нухалъ къасд гьабун букIана къватIул харбазда тIад къоно лъезе къасд, ай ячун (хъамун) Муигун цогидаб росулъе ун магIишат гьабизе. Амма Муида гьеб къагIида берцин бихьичIо. Жиндир магIишат тIубанго чIунтизе бугин, гьанже йокьун йикIаниги, гьес жий хехгого тезеги бегьулин. Муил васалги гIолел рукIана (ХIасан – I900 соналъ гьавурав, МухIамадгIали – I903 соналъ гьавурав). Гьезулги эбелалдехун махIниги лъикIаб балагьи букIинчIо. Гьел саназ МахIмуд тIубанго кучIдузде вуссун вукIанилан абизе бегьула. Гьев гIемер щолаан батIи-батIиял росабалъе, гьоболлъиги гьудуллъиги гьа- булеб букIана кечI ахIулеб агьлуялъулгун. Жинцагоги махщалида ахIулаан гьеб цо сунда букIанаги къалиги кIутIун.

-Кин букIун батаниги, вокьулевги вукIараб мехалъ, кIудияб тамаша буго Муи гьесие инчIолъиялда.

-Якьадалъ гьелда лъазабуна лъималги жинцаго хьихьилин, мал-мулкалъул тIалаб гьабизе чиги камиларин, нижер ригьги тейин, мунгоги бокьарасе айилан. Ахир заманалда гьелда жиндагоги чIалгIун букIана лъугIиго гьечIеб рокьул хабарги нахъасан релъанхъулел росдал руччабиги. Гьелъ хIукму гьабуна таваккал тIамизе ва МахIмудица ячаралъуе ине. Хунзахъ базаралда дандчIварав МахIмудил гьудул ИнкIкIвалитIаса Шайихулисламида Муица жиндирго мурад бицана, хиянат букIинарилан рагIиги кьуна. Шайихулисламица анкьида жаниб иш рекъезабуна. Рохьихъан МагIад (ГIахьалчIиса) рази гьавуна Махмудги Муиги рачун ГIашилтIе ине, гьениб магьариги лъун тIадги руссине. Гьеб заманалда лъабго моцI букIана МахIмуд Аргъванив дибирлъун хIалтIулев. Муиги гьение ячинин букIана гьесда ракIалда. Кинабго гьабулеб букIана балъго, гIадамал щаклъиларедухъ. Къасиго



нижер бакIалдеги ячIун Муица гьарана метер жинда цадахъ хер бецизе «Хъундамагьилъе» ячIайилан. Эбел кIалъазегIанго чIечIого, дица гьелъие рагIи кьуна ячIинилан. Дир гьелда аскIоб ракI гьун букIунаан. Къо бачIана роччараб, биччараб. Хурул рагIалда гьабураб хашабго хъощнир гIодор чIун рукIана бакъ кунчIилародаян хьулалда. Санда гъоркь кIусун МикагIилги (Муил рагьдател) вукIана цIадакьа вахчизе тIад хIамил тIенкелги ккун. РикIкIадасан лъабго нухалъ пиштIулеб сас чIвана. Муица МикагIил рокъове витIана, кинабали маххул магIал ругеб хадиро кIочон бугин, гьеби босун вачIа,-ян. Рагьдател сверудасан тIерхьаравго хъощил кIалтIа чIана кьуру гIадав МагIад. Гьев кIалъачIо, квералъ ишара гьабуна. Муи мутIигIго нухде яхъана.

Гьелъ рокъоса цадахъ босун букIана кIудияб таргъа цIураб къайи-къоноги. Гьеб букIине кколаан жиндирго ретIел-кун. Таргъица бицунеб букIана гьаб ишалде гьей цеккунго хIадурлъун йикIараблъи. Ссандаса гъоркье лъугьунеб бакIалде щвараб мехалъ, гьелъ диде ахIана рокъое щвараб мехалъ дун анилан бицеян. Кие унеяли дида бичIчIулеб букIинчIо. Хадуб, рикIкIадасан сверун, гьебго нухалъ тIаса гъоркье унев МахIмуд вихьараб мехалъ щаклъизе бачIана жакъа гьаз «гьунар» гьабизехъин букIиналда. ГIемер мехго иналде, гьебго ГIашилтIе унеб нухда загьирлъана ХъахIабросулъа ГIусманги Шайихулисламги. КватIичIого тIаде щвана гIетIулъа чвахулев МикагIилги.

**СагIид ГIАЗИЗОВ,**

**Гъоркьа ЧIугIли росу (Ахир букIине буго)**

# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
## Унцукульский район
### Собрание депутатов муниципального района

368950 Республика Дагестан Унцукульский район, п. Шамилькала, ул.М. Дахадаева 3, т. 55-62-87 Email: uncuk_sobranie

**РЕШЕНИЕ**

**Об утверждении ключевых показателей и их целевых значений, индикативных показателей по муниципальному земельному контролю на территории муниципального образования «Унцукульский район»**

Принято Собранием депутатов 28декабря 2021 года №12

В соответствии пунктом 5 статьи 30 Федерального закона от 31 июля 2020 № 248-ФЗ «О государственном контроле (надзоре) и муниципальном контроле в Российской Федерации» и руководствуясь Уставом Унцукульского муниципального района, Собрание депутатов муниципального района «Унцукульский район»

**РЕШАЕТ:**

1.Утвердить ключевые показатели и их целевые значения, индикативные показатели по муниципальному земельному контролю на территории муниципального образования «Унцукульский район» (приложение прилагается).

2.Настоящее решение опубликовать в районной газете «Садовод» и разместить на официальном сайте Администрации Унцукульского муниципального образования в сети интернет.

3.Настоящее решение вступает в силу со дня его официального опубликования.

**Председатель Собрания М.Б.Юсупов**
**Глава муниципального района И.М.Нурмагомедов**

Утверждено
решением Собрания депутатов
муниципального района
от 28.12.2021 года № 12

**Ключевые показатели и их целевые значения, индикативные показатели по муниципальному земельному контролю на территории муниципального образования «Унцукульскогорайона»**

**1. Ключевые показатели по муниципальному земельному контролю на территории муниципального образования «Унцукульского района» и их целевые значения:**

| Ключевые показатели | Целевые значения (%) |
|---|---|
| Доля устраненных нарушений обязательных требований от числа выявленных нарушений обязательных требований | - |
| Доля обоснованных жалоб на действия (бездействие) контрольного органа и (или) его должностных лиц при проведении контрольных мероприятий от общего количества поступивших жалоб | - |
| Доля нарушений, выявленных при проведении контрольныхмероприятий и устраненных до их завершения при методической поддержке проверяющего инспектора | - |
| Доля решений, принятых по результатам контрольных мероприятий, отмененных контрольным органом и (или) судом, отобщего количества решений | - |

**2. Индикативные показатели по муниципальному земельному контролю на территории муниципального образования «Унцукульского района»:**

1) количество оформляемых прав на используемые земельные участки по итогам проведенных органом муниципального контроля внеплановых контрольных мероприятий ежегодно увеличивается;

2) количество земельных участков, приведенных в соответствие с целевым назначением установленным действующим законодательством по итогам проведенных органом муниципального контроля внеплановых контрольных мероприятий ежегодно увеличивается;

3) количество самовольно занимаемых земельных участков по итогам проведенных органом муниципального контроля внеплановых контрольных мероприятий ежегодно снижается.

# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
## Унцукульский район
### Собрание депутатов муниципального района

368950 Республика Дагестан Унцукульский район, п. Шамилькала, ул.М. Дахадаева 3, т. 55-62-87 Email: uncuk_sobranie

от 03 февраля 2022 года №14

**РЕШЕНИЕ**

**Об отчете начальника Отдела МВД России по Унцукульскому району- подполковника полиции Магомедова Э.А. об основных итогах работы по борьбе с преступностью и охране общественного порядка за 2021 год**

Заслушав и обсудив представленный в соответствии со статьей 8 Федерального закона от 07 февраля 2011 года №3-ФЗ «О полиции» отчет начальника отдела МВД России по Унцукульскому району по итогам работы по борьбе с преступностью и охране общественного порядка за 2021 год, Собрание депутатов муниципального района

**РЕШАЕТ:**

1. Отчет начальника отдела МВД России по Унцукульскому району подполковника полиции Магомедова Э. А. по итогам работы по борьбе с преступностью и охране общественного порядка за 2021 год принять к сведению (прилагается).

2. Работу отдела МВД России по Унцукульскому району за 2021 год считать удовлетворительной.

3.Настоящее решение опубликовать в районной газете «Садовод» и разместить на официальном сайте администрации муниципального образования «Унцукульский район» в информационно-коммуникационной сети Интернет.

**Председатель Собрания М. Юсупов**

Теннис хIай

# М. МухIамадовасул призалъе гIоло

Гьал къоязда ВатIан цIунулезул Къоялъул хIурматалда районалда тIобитIана РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадовасул призалъе гIоло теннис хIаялъул турнир. Гьеб унеб букIана Шамилькъала поселокалда бугеб клубалда. ГIахьаллъана 40 сон ва тIадеги гIумро бугел бихьинал.

Гьединаб тадбир тIобитIула хадубккунги теннис хIаялъул махщел гIадамаз да гьоркьоб машгъур гьабиялъул мурадалда. Гьелъ рес кьола гIадамал сахаб гIумро гьабиялде ругьун гьариялъе, цоцада гьоркьоб гьудуллъи щулалъиялъе, спортивияб махщел камиллъиялъе, пикру гьаби цIубаялъе.

Турниралда гIахьаллъана 45 теннис хIалев. ГIищIго нилъер районалдаса гурелги Хьаргаби, ЦIумада, Гумбет, Карабудахкент, Хунзахъ, районаздаса, Губури, Ханрик росабалъа, МахIачхъалаялдаса, Дербенталдаса, Кас-пийскиялдаса, Кизилюрт, Хасавюрт шагьараздасаги гIадамал г1ахьаллъана гьенир.

ХIурматиял гьалбаллъун къецазда рукIана 72 сон барав ХIажиев Булатхан ва Кулиев МухIамад.




Къецазул ахиралда районалъул бетIерсул зам. М. ХIамзатовас ва НС РДялъул М. МухIамадовас баркана бергьаразда хIасил кьурал бергьенлъаби. Гьел ккола жидерго зачетазда бергьарал: М. МухIамадов – Балахьуни, А. Мусаев – Майданск, А. Бобаев – Дербент, В. Васильчиков – Дербент, М. НурмухIамадов – Унсоколо, ГI. ГIалихIажиев – МахIачхъала, данде чагIигун бергьана М. МухIамадов – Балахьуни ва А. Мусаев – Майданск, М. ГIабдулаев, ГI. Шарапудинов – Гурбуки, Ш. ГIабдурахIманов ва А. МуртазагIалиев – Шамилькъала.

Турниралда бергьаразе кьуна грамотаби, медалал ва гIарцулал сайгъатал.

## Камалудинов Эхо Камалудинович



Гьаб соналъул I6 февралалда захIматаб ковид унтиялдаса хадуб нилъедаса ватIалъана ЦIатIанихъ росулъа захIматалъул ветеран, къиматав педагог, мисалияв инсан Камалудинов Эхо Камалудинович.

Эхо Камалудинович гьавуна I924 соналда векьарухъанасул хъизамалда.

I938-I940 соназ цIалана Генуб школа интернаталда, лъугIизабуна гьениб 7 класс.

I940 соналда учительлъун хIалтIизе тIамуна ЦIатIанихъ школалде. Заочно ц1алана Буйнакскиялъул педучилищиялда.

I945-47 соназ хIалтIана гьенивго ЦIатIанихъ школалда директорлъун. I945 соналъул 9 февралалъ Ц1ат1анихъ росу гочинабуна Чачан ракьалде, гьениб бана I4 сон.

I957 соналъул 22 июналда жамагIат нахъ буссана жидерго ракьалде ЦIатIанихъ росулъе. Гьелдаса хадуб I957-I960 соназ росулъе щваравго хIалтIизе тIамуна школалда директорлъун.

I960-6I соназ учителасул хIалтIу даго цадахъ гьабуна 4-го росдал советалъе нухмалъи (ЦIатIанихъ, ИштIибури, Колоб, ИнкIкIвалитIа).

I962 соналда вищана партийнияб организациялъул секретарлъун, гьедин хIалтIана 11 соналъ.

Гьелдаса нахъе 20I0 соналде щвезегIан хIалтIана ЦIатIанихъ школалда магIарул мацIалъул учительлъун гьоркьоса къотIичIого 70 соналъ. РукIана гIезегIанго грамотабишапакъаталги:

I966 соналъул 23 ноябралъ Дагъистаналъул автономиябгул Социалистическияб Республикаялъ кьуна «Заслуженный учитель Дагестанской АССР» хIурматияб цIар, I996 соналъул 2I декабралъ Районалъул лъай кьеялъул управлениялъ кьуна Баркалаялъул кагъат. I999 соналъ гьединабго Баркалаялъул кагъат кьуна Государственнияб Советалъ. 2002 соналъ кьуна «Почетный работник общего образования РФ» - абураб цIарги. Гьединго 2008 соналъул II апрелалъ кьуна грамота Болъихъе бандформирование кIанцIиялда бан гьабураб гIахьаллъиялъухъ, гьелдаго цадахъ кьуна «За боевое содружество» медальгун удостоверение.

Камалудинов Эхо вукIана ракI лъикIав, гIадан витIун ккезавулеб ритIухълъиялъул, намус-яхI бугев, аскIор хIалтIулезе кумек – квербакъи бугев инсан. Цадахъ хIалтIаразде гьев киданиги кIочон тезе гьечIо.

Районалъул администрациялъ, лъай кьеялъул отделалъул хIалтIухъабаз, профсоюзалъул комитетаз ва ЦIатIанихъ росдал школалъул тIолалго хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго

**Эхо Камалудинов**

Къадаралде щвеялда бан гьесул хъизан-лъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда.

Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги! Гьесул бацIцIадаб захIматалъул нух нижее кидаго мисаллъун букIина.

ТIад буссараб гIарзаялъе жаваб

# Хал гьабуна

РФялъул Президентасул приемниялде РФялъул Президентасул цIаралда жиндир конституционниял ихтиярал гIумроялде рахъинариялъе кумек гьабеян гIарза хъван букIана нилъер районалъул ГьаракIуни росулъа МухIамад СагIидовас. Гьеб тIад хIалтIи гьабизе битIун бач1ана «Унсоколо район» МОялъул администрациялде.

Бихьулеб букIахъе МухIамад СагIидов данде вахъун вуго ГьаракIуни росдал бетIерасул пост жиндихъего щвеялъул мурадалда. Гьесул рагIабазда рекъон Мух1амадица жиндирго квераздалъун росдае гьабуна цIикIкIараб къадаралъул хIалтIи: бан рагьана цIулал хIалтIи гьабулеб цех, гьенир лъуна станокал, кумек гьабулеб буго росдал магIишат рукIалиде ккезабиялъе, 30 гIан гьветIги чIун гIезабулеб буго ах, гьабулеб буго гьелъие хъулухъ. ГIолеб гьечIо хIалтIулаб къуват, хIажат буго гьеб магIишат рукIалиде ккезабиялъе кумек, гьира буго жиндирго росу цебетIезабиялъе кинабго къуват къезе.

БичIчIулеб букIахъе ракьалъулаб дагIба-рагIи гьаниб гьечIо. Гьесда бичIчIизабун букIана гIарзаялъухъ рагIа-ракьанде щун балагьилин, бегьулеб кумек гьабилин. М. Жамалудиновичасда лъазабун буго бетIер вищун хадусеб срокалда гьесул кандидатура лъеялъухъ балагьилин ва гьев хIалтIуде восиялъе хIалтIул вакансия бугеб бакI балагьулеб бугин

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 23. 2. 2022 г.
16.20
фактически -17. 30 мин.
.........................................

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.